



Agence
Canadienne de
Développement
International



Oxfam
Québec
PARPANASA



.....

SA NOU DWE KONNEN SOU JADEN BANNAN

.....



Kisa Pwojè PARPANASA ye?

Lide pwojè sa a tanmen aprè pwoblèm grangou ki te poze nan Peyi Dayiti ki te fè genyen manifestasyon nan lari nan mwa davril 2008 la. Kidonk, pwojè sa a vle nan yon ti bout tan pote kèk solisyon pou ede kwape pwoblèm grangou an, nan kore pwodiksyon nasyonal la nan 16 komin nan 6 departman nan Peyi a. Zòn ki chwazi yo se zòn kote zafè grangou a rèd men kote gen posibilite ak mwayen pou rezoud pwoblèm sa yo.

PARPANASA ap kore pwodiksyon agrikol la nan ede pwodiktè yo nan fè yo jwenn bonjan semans, zouti, angrè, fimye oswa konpòs. Li ede yo jwenn tou bon ras poul ak kabrit ak fasilite pou fè elvaj. Travay sa a ap fèt tou ak fòmasyon pwodiktè nan zòn yo ki kapab sèvi modèl pou pataje teknik yo aprann ak lòt agrikiltè oswa lot pwodiktè nan kominote yo.

Pou sa fèt, OXFAM-Québec nan pwojè sa a makonnen ak Ministè Agrikilti ak kèk lòt enstitisyon kap travay deja nan komin yo tankou CARE, PCH, SUCO, Oxfam Grande Bretagne ak Direksyon plizyè lòt pwojè pou'l kapab pouse aktivite yo pou pi devan.

KISA TI LIV SA GEN LADAN-L

- 1. Men sa nou dwe konnen sou jaden bannann**
- 2. Kijan pou nou fè yon jaden bannann nan bonjan kondisyon**
- 3. Kijan nou ka goumen ak kèk maladi, ak kèk parazit ki fè anpil dega nan jaden bannann**
- 4. Men yon metòd pou fè bon kalite plan bannann : metod pif**

1 MEN SA NOU DWE KONNEN SOU JADEN BANNANN

1. Bannann ka plante tout lè nan lane a epi li ka devlope nan anpil kalite tè men li pi pito tè ki pa gen twòp wòch ni twòp sab, ni twò an pant, epi tou ki pa gen anpil pye bwa paske li pa renmen lonbray



Tè lapli pote ki ap fè bannann

2. Tout pati nan bannann nan gen anpil dlo ladan yo se pou sa lè wap fè bannann, ou bezwen asire dlo a. Men bannann pa renmen dlo chita kote li ye tou. Kidonk kote ki genyen dlo chita tankou tè ajil ak tè marekaj, yo pa rekòmande pou nou plante bannann. Si ou ta vle plante bannann nan tè sa yo, lè sezon lapli fòk nou drene dlo a, sa vle di fè wout, siyon pou jete dlo ki anplis nan tè a.
3. Bannann renmen tè ki byen travay.
4. Bannann se menm fanmi ak zèb yo, li bezwen jaden an toujou pwòp paske li pa ka goumen ak lòt zèb yo
5. Se rasin bannann nan ki pèmèt li pran nan tè a manje li bezwen pou li grandi. Rasin bannann nan mou anpil, fòk nou pran

anpil prekosyon pou pa domaje oswa blese yo lè nap travay nan jaden an.

6. Anplis manje bannann nan pran anpil nan tè a tankou azòt (N) ak potasyòm (K), li renmen pran yon lòt eleman ki rele souf (S) ki ede bannann nan devlope pi byen. Bannann pran sèlman tikras fosfò nan tè a
7. Tij bannann nan se anba tè li ye, pati bannann nan nou wè deyo a se fèy yo ki makònen youn ak lòt. Yo rele pati sa a fo twon.
8. Gen ti pye bannann ki parèt nan dèyè manman pye bannann nan, ti pye sa yo rele kreyòl.


2 KI JAN POU NOU FÈ YON JADEN BANNANN NAN BONJAN KONDISYON

1. **Byen prepare tè a** sa vle di byen travay li pou li vin friyab sa vle di kote dlo sikile alèz epi pa rete anpil tan nan tè a.
2. **Asire w plan ou bon**, yo genyen bon rezèv (dèyè kreyòl nou yo dwe gwo), yo sòti nan zòn ki pa gen maladi epi yo pa genyen tras nematòd ak charanson sou yo.
3. Plante pye bannann yo a yon distans de 2.50 mètr x 2.50 mètr youn ak lòt
4. Twou pou mete kreyòl yo dwe gen gwo : 30 santimèt X 30 santimèt
5. **Bay swen nan jaden an** tankou dlo, angrè epi byen netwaye jaden an. Retire tout kreyòl kap pouse anvan 5 mwa plantasyon pou manman an ka gen plis fòs. Anplis koupe pòpòt bannann nan aprè dènye pat la fin sòti.
6. **Asire w bannann nan pa janm pase yon mwa san dlo.** Nan tè wouze lè se pa sezon lapli, li ta pi bon pou ba bannann nan dlo chak 15 oswa 22 jou selon tè a

3 KIJAN NOU KA GOUMEN AK KÈK MALADI, AK KÈK PARAZIT KI FÈ ANPIL DEGA NAN JADEN BANNANN


Sigatoka nwa,

yo pou retire tout tras nematòd ak charanson.



Sigatoka nwa sou fèy bannann

- Diminye kantite pye bannann pou solèy kapab frape tè a pi byen
- Sakle tè a souvan jiska 6 saklaj anvan rekòt la.
- Sèvi ak angrè oswa fimye pou fèy yo ka sòti pi vit anvan maladi an atake yo
- Toujou retire vye fèy sèch, fèy ki boule oswa ki jòn ki sitire maladi a.



Sigatoka jòn sou fèy bannann

Nematòd atake rasin pye bannann nan, sa ki lakòz ou ka pèdi jiska yon ka rekòt la.

- Lè nap plante jaden an, netwaye dèyè plan yo ak yon kouto pwòp pou retire tout tras nematòd, si ou kapab, trete yo avèk dlo cho oswa vidat.
- Si plantasyon an fèt deja, aprè rekòt rejim nan, koupe fo twon manman bannann nan ra tè, aplike pwodui chimik (yon ti bouchon kola mokap) si ou genyen epi mete tè sou li

Pou kwape Charanson fo twon bannann ak charanson nwa (yo rele mawoka):

- Koupe fèy ak gèn ki sèch yo pou wè kote charanson atake
- Retire kreyòl yo, kite youn oswa de.
- Retire tout pye bannann ki pouri apre rekòt la.

Charanson nwa lè li piti ak lè li gran



Dega charanson nwa



Plan ak yon twou mawoka

4 MEN YON METÒD POU FÈ BON KALITE PLAN BANNANN : METOD PIF

Metòd PIF la ka pèmèt ou jwenn nan yon kreyòl 6 oswa 7 plan ki pa gen jèm maladi. Yo rele kreyòl, ti pye bannann ki pouse bo kote gwo pye bannann nan. Men kijan pou jwenn plan bannann PIF yo :

- Chwazi kreyòl ki gen bon rezèv epi ki sòti nan zòn ki pa genyen maladi ak yon touf ki pa gen maladi



Plan atake pa bon



Plan ki sen

- Netwaye kreyòl la byen ak yon kouto pwòp ki file, yon fason pou pa kite okenn rasin sou li. Epi retire tout tras nwa ak premye kouch sou dèyè kreyòl la pou elimine tout tras nematod. **Yo rele operasyon sa a paraj**
- Chache boujon yo ki sou kreyòl la epi retire 4 oswa 5 nan gèn ki makònen li a



Gèn pou retire



Gèn ki sòti

- Mete plan ki netwaye epi ki fin demakònen yo poze pou 1 oswa 2 jou yon kote ki pa gen solèy



Plan ki netwaye pou ale nan Jèmwa

- Apre peryod repo sa nap retire sou kreyòl yo tout pati nan gèn nan ki twòp sou boujon yo ki ka anpeche yo devlope.
Operasyon sa a rele rajenisman
- Nap koupe tout tèt kreyòl yo jouk anba yon fason pou nou ka pi pre meristèm nan

- Nap fè yon kwa sou tèt tout kreyòl yo nan zòn ki parèt tankou yon ti pwen klere pou ka bloke aktivite meristèm nan. **Operasyon sa a rele dezaktivasyon**



Dezaktivasyon meristèm nan

Aprè blokaj la, mete tout kreyòl yo nan jèmwa yon a kote lot men san yo pa kole. Aprè yon jou ou ka wouze jèmwa a, wap kontinye wouze yo yon fason pou jèmwa pa janm ni gen twòp dlo ni two sèk.

- Nan jèmwa a ou ka mete poud bwa ki pou ede rasin yo sot; kantite poud la dwe mwatye veso a.



Mete mwatye Poud bwa nan kivèt la



kreyòl ki desaktive nan jèmwa

- Aprè 15 jou rasin yo ap komanse pouse sou kreyòl yo. Lè yo genyen 3 oswa 4 fèy leve, ou ka pran yo pou mete nan sachè pou yon ti tan deyò jèmwa a.



*Tout etap metod PIF la, depi nan chwazi bonjan kreyol
rive sou plan PIF la ki soti nan jèmwa a.*

Philippe Patrice Charles
Révision et adaptation Rachelle Pierre-Louis (IICA)
& Équipe PARPANASA (OXFAM Québec)
Montage Lucky Design

Imprimerie
Nombre